



Distri Lekòl Konte Monroe 23-24

Avi pou paran konsènan evalyasyon inivèsèl sou byennèt elèv yo

Chè paran ak responsab legal,

Distri Eskolè Konte Monroe (MCSD) a pran angajman pou li sipòte byennèt jeneral elèv nou yo. Konsèy administrasyon lekòl la te apwouve yon tès depistaj inivèsèl pou revize kapasite esansyèl ak rezistans elèv yo. MCSD sèvi ak evalyasyon an pou idantifye pwen fò ak bezwen elèv ki nan klas 5yèm pou rive nan klas 12yèm ane.

Distri a evalye elèv yo nan sezon otòn ak sezon ivè chak ane eskolè. Elèv ki nan klas 5yèm pou rive nan klas 12yèm ane fè evalyasyon pwòp tèt yo pou yo evalye kapasite yo nan domèn sa yo: santiman difisil, metriz emosyonèl, kran, santiman pozitif, kapasite pou yo jere pwòp tèt yo, ak byennèt.

Done evalyasyon an aksesib sèlman pou pwofesè, administratè ak anplwaye ki gen yon enterè lejitim nan domèn edikasyon. Nou konsève rezilta yo nan baz done ki an sekirite k ap aksesib sèlman pou moun sa yo. Nou itilize rezilta yo ansanm ak lòt done pou nou ede responsab yo devlope entèkansyon ak sipò pou elèv yo ki gen bezwen nou rive idantifye yo. Nou kontakte paran ak responsab legal yo si nou detèmine pitit yo a bezwen plis sipò. Paran yo kapab mande rezilta evalyasyon pitit yo a lè yo kontakte lekòl pitit yo a.

MCSD fikse dat espesifik pou tès evalyasyon yo fèt. Si ou pa vle pitit ou a patisipe nan tès evalyasyon an, tanpri voye tounen fòm anba a nan lekòl pitit ou a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou evalyasyon sa a, tanpri ale sou sit entènèt sa a: <https://www.keysschools.com/Page/7099>.

Erin Williams
Kowòdonatè sipò elèv distri MCSD
erin.williams@keysschools.com
305-293-1400 x 65366

FÒM POU MANDE RETIRE PITIT OU NAN TÈS EVALYASYON AN

Si w vle pou nou retire pitit ou a nan evalyasyon inivèsèl sou byennèt elèv yo, tanpri ranpli fòm sa a epi retounen li bay pwofesè pitit ou a anvan **1 septanm** chak ane eskolè.

Mwen vle **retire** pitit mwen an nan evalyasyon inivèsèl byennèt elèv la.

Non timoun nan: _____ Pwofesè timoun nan: _____

Klas timoun nan: _____ Lekòl timoun nan: _____

Siyati paran/Responsab legal: _____ **Dat:** _____